



# Miami-Dade County Public Schools

*giving our students the world*

## Superintendent of Schools

Dr. Jose L. Dotres

Emirce Guerra  
Principal

Elaine Breedlove  
Assistant Principal

## Miami-Dade County School Board

Mari Tere Rojas, Chair  
Monica Colucci, Vice Chair  
Roberto J. Alonso  
Lucia Baez-Geller  
Dr. Dorothy Bendross-Mindingall  
Mary Blanco  
Danny Espino  
Dr. Steve Gallon III  
Luisa Santos

13 out 2024

Chè Paran/Gadyen,

“The Florida Assessment of Student Thinking (FAST)” (Evalyasyon nan Florid sou Fason Elèv Reflechi) se yon zouti pou kontwòl pwogrè yo pral administre twa fwa nan ane a pou swiv pwogrè elèv ou a nan “Benchmarks of Excellent Student Thinking (B.E.S.T.) Standards” (Meyè Referans Estanda Aprantisaj sou Fason Elèv Reflechi) pandan tout ane lekòl sa a. Objektif lèt sa a se pou enfòmasyon w elèv ou a pral patisipe nan premye administrasyon (PM1) nan Klas 3,4, and 5 nan Evalyasyon Lekti Eta Florid (FAST) ELA Lekti and Mathematics nan dat 26 out - 13 septanm 2024. Nou ap sèvi avèk rezilta elèv ou a nan PM1 pou enfòmasyon sèlman, e lekòl elèv ou a ap ba ou enfòmasyon sou fason pou jwenn rezilta yo apre tès la fini.

Evalyasyon FAST yo se tès ki adapte sou òdinatè oubyen tablèt. Kesyon yo ka vin pi fasil oswa pi difisil dapre fason elèv la reponn, epi chak elèv ap wè kesyon diferan ki soti nan yon bank ki gen kesyon. Chak tantativ tès (PM1, PM2, ak PM3) pral prezante 35–40 kesyon ki pral kouvri tout “plan” tès la, sa vle di elèv yo pral rankontre kesyon ki reprezante estanda yo nan matyè a oswa nan nivo klas la. Pou plis enfòmasyon sou fason yo kreye tès la, tanpri vizite

<https://www.fldoe.org/accountability/assessments/k-12-student-assessment/best/>. Si oumenm oswa elèv ou a ta renmen entèraji avèk platfòm tès sou Entènèt la oswa revize echantiyon Lekti FAST ELA and Mathematics lakay ou, echantiyon materyèl tès yo disponib nan <https://ffast.org/families.html>.

Silvoulè revize règ k ap suiv yo avèk elèv ou a anvan egzamen an:

- **Aparèy Elektwonik**—Yo pa pèmèt elèv sèvi avèk okenn aparèy elektwonik, ki gen ladan, men ki pa limite a, telefòn pòtab, telefòn entelijan, ak mont entelijan, nan kèlkeswa moman pandan egzamen an **oubyen** pandan poz (egz. ale nan twalèt). Si yo jwenn elèv ou a avèk yon aparèy elektwonik oubyen yo jwenn li ap itilize yon aparèy ‘Bluetooth’/sanfil kas/ekoutè pandan egzamen an, y ap anile egzamen li a.
- **Règ sou Kalkilatis**—Pou Klas 7èm-8èm Matematik FAST, elèv ka itilize kalkilatis syantifik pòtab ki apwouve yo. Pou Klas 6èm Matematik FAST elèv ka itilize kalkilatis pòtab ki gen kat fonksyon.
- **Akseptasyon Règleman Egzamen yo**—Tout egzamen yo gen ladan yon Akseptasyon Règleman Egzamen ki di: “Mwen konprann règleman egzamen yo fèk li pou mwen yo. Si mwen pa suiv règleman sa yo, yo ka anile nòt mwen fè pou egzamen an.” Anvan egzamen an, moun ki ap administre egzamen yo ap li règleman yo pou elèv yo, e elèv yo ap deklare yo konprann règleman egzamen yo lè yo klike nan navigatè sekirize a pou montre yo konprann règleman egzamen yo.

Gertrude K. Edelman Sabal Palm Elementary • 17101 NE 7<sup>th</sup> Ave • North Miami Beach, Florida 33162  
305-651-2411 • [www.gkesabalpalm.com](http://www.gkesabalpalm.com)

- **Diskite Kontni Egzamen an Aprè Egzamen**—Dènye pòsyon règleman egzamen yo li pou elèv anvan yo siyen Akseptasyon Règleman Egzamen yo di, akòz kontni tout egzamen atravè eta a sekirize, ou pa dwe diskite oubyen devwale detay konsènan kontni egzamen an (sa gen ladan kesyon ak tèks yo) apre egzamen an. Sa gen ladan kèlkeswa kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou sit medya sosyal yo. Silvouplè asire w elèv ou a konprann “diskite” kontni egzamen yo gen ladan nenpòt kalite kominikasyon elektwonik, tankou voye mesaj tèks, imèl, poste sou medya sosyal oubyen pataje enfòmasyon sou entènèt. **Pandan elèv pa dwe pataje enfòmasyon konsènan kontni egzamen ki sekirize aprè egzamen, règ sa a pa fèt pou anpeche elèv diskite eksperyans yo fè nan egzamen avèk paran/fanmi yo.**
- **Travay yon Fason ki Endepandan**— Elèv responsab pou travay poukont yo pandan egzamen an e pou yo pwoteje repons yo pou lòt moun pa wè yo. Si yo jwenn elèv ap triche pandan egzamen, yo ap anile egzamen yo a.
- **Akomodasyon pou Egzamen**—Si elèv ou a gen yon “Individual Education Plan (IEP)” (Plan Edikasyon Endividyèl), yon Plan Seksyon 504, oubyen li se yon “English Language Learner (ELL)” (Elèv ki Ap Aprann Anglè) oubyen li fèk soti nan kategori ELL, silvouplè kontakte lekòl la pou diskite nenpòt lòt akomodasyon pou egzamen yo pral bay elèv ou a.

Si w gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak administrasyon tè s a, ou ka kontakte Elaine Breedlove nan (305) 651-2411. Pou plis enfòmasyon sou pwogram FAST la, tanpri vizite pòtal la nan [FLFAST.org](http://FLFAST.org). Mèsi dèske w sipòte elèv ou a epi ankouraje l pou l fè plis efò posib pandan administrasyon egzamen sa a.

Sensèman,



Emirce Guerra, direktè lekòl la